



Pou Piblikasyon Imedya: 11/02/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 4.3 MILYON DOLA SIBVANSYON POU REDUI GASPIYAJ MANJE, EDE NOUYÒKÈ KI GRANGOU YO EPI REDUI DEGAJMAN GAZ A EFÈ SÈR YO**

*Pwojè y ap finanse yo ap pwomouvwa don manje, konbat chanjman klimatik epi plis agrandi Lwa Monimantal sou Resiklaj Manje 2019 la*

*DEC ap fè patenarya ak rezo bank alimantè Feeding New York State la pou yo distribiye sachè reyitilizab*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse plis pase 4.3 milyon dola sibvansyon ototal pou finanse 111 pwojè toupatou atravè eta a ki pral ede anpeche grangou epi redui gaspiyaj manje yo jete yo pa mwayen don manje ak resiklaj. Sibvansyon yo pral sipòte efò minisipalite yo ak òganizasyon yo ap fè, tankou gad-manje kominotè yo ak soup popilè yo, pou ede voye dechè manje yo nan resiklaj epi redui kantite dechè òganik yo lè yo bay Nouyòkè k ap lite kont ensekirite alimantè yo rès manje anplis, ki manjab yo.

"Gaspiyaj manje fè fanmi ki nan bezwen yo k ap fè fas a anpil defi tèrib ensekirite alimantè yo mal epi sa nwi anviwònman an tou lè yo ranpli sant efouyisman yo epi yo kontribiye nan chanjman klimatik", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Prim sa yo se dènye pami mezi New York ap pran pou ede gouvènman lokal yo ak òganizasyon kominotè yo sipòte investisman entèlijans k ap anpeche gaspiyaj manje, redui degajman gaz a efè sèr ke dechaj manje yo degaje, epi ofri manje nourisan ki bon pou lasante pou konbat grangou toupatou nan New York."

Dechè alimantè yo gen anpil efè anviwònmantal, sosyal, ak ekonomik epi sibvansyon sa yo ap ede sipòte minisipalite ak òganizasyon sekou alimantè ijans yo lè yo amelyore efò sekou alimantè yo ak reyoryante rès manje yo pral jete nan sant efouyisman yo. Yo rekonèt rediksyon dechè alimantè yo nan sant efouyisman yo kòm yon mezi atenyasyon presye nan kad lit eta kontinye ap mennen kont chanjman klimatik yo. Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la pral jere sibvansyon sa yo.

**Komisè DEC, Basil Seggos, te deklare,** "Se yon tris reyalyte ke Ameriken jete anviwon 25 pousan nan manje yo achte, sa ki lakoz anpil efè negatif sou anviwònman nou an epi gaspiye resous alimantè ke yo ka itilize nan lòt fason pou ede moun ki gen bezwen yo. Pwojè yo ke sibvansyon yo anonse jodi a yo pral sipòte yo se yon melanj inisyativ sansibilizasyon piblik ak apwòch novatris, bon sans pou pomouvwa resiklaj manje, ede

moun ki grangou yo, epi redui gaspiyaj pou nou ka konstwi kominote ki pi djanm, ak pi dirab sou plan anviwònmantal."

### **Sibvansyon pou Minisipalite yo finanse rediksyon dechè alimantè, ogmantasyon don manje, ak resiklaj dechè alimantè yo**

DEC ap atribiye 3.28 milyon dola ototal nan sibvansyon pou finanse 27 pwojè minisipal ki pral itilize apwòch novatris ak global pou sipòte inisyativ rediksyon ak prevansyon kont gaspiyaj manje yo, rasyonnalize don manje ak efò sekou yo, ak/oswa elabore pwogram ak enstalasyon resiklaj òganik yo. Anpil pwojè enplike patenarya estratejik ak òganizasyon kominotè yo pou redui volim manje yo jete ak dechè alimantè k ap antre nan kouran dechè minisipal la. Y ap akonpli sa pa mwayen elaborasyon ak reyalizasyon edikasyon sou dechè alimantè ak pwogram sansibilizasyon yo epi gras a etablisman enfrastrikti konpostaj ak lòt enfrastrikti resiklaj minisipal yo. Pami gran pwon pwojè sibvansyon minisipal yo genyen:

- **Vil Cortland 195,936 dola:** Finansman an pral sipòte Pwojè Sekou Alimantè ak Prevansyon kont Gaspiyaj Cortland lan (Cortland Food Project Rescue and Waste Prevention), ki se yon kanpay edikasyon kominotè global ki konsantre sou prevansyon ak rediksyon gaspiyaj manje. Vil la pral devlope ak reyalize tou premye sistèm ak rezo volontè sekou alimantè lokal Cortland lan, pou chache jwenn grand kantite pwodui "pase dat frechè yo" ke anplwaye ak volontè pwogram lan yo pral resevwa fòmasyon pou yo trete yo vin tounen pwodui alimantè yo ajoute plis valè sou yo. Apresa, vil la pral kowòdone ak pwojè kont grangou ki deja ap evolye onivo lokal yo, tankou gad-manje kominotè yo, soup popilè yo, ak kizin komèsyal kominotè ak pwogram antreprenarya yo gen plan pou fè a ki pral sitiye nan sit Pwojè Revitalization Homer Avenue an (Homer Avenue Revitalization Project);
- **Vil Ossining 99,145 dola:** Vil la pral kreye yon pwogram pilòt global pou resiklaj dechè alimantè pou sèvi apeprè 38,300 rezidan ak zòn avwazinan yo. Vil la pral: achte poubèl pou ramasaj nan plizyè espas piblik, ki gen ladan nan kominote Jistis Anviwònmantal yo ak pou itilizasyon nan kay rezidansyèl yo; elabore materyèl enfòmasyon pou mete nan twous rezidan yo pral itilize lakay yo; epi Rezèvasyon Lak Teatown lan (Teatown Lake Reservation) pral kòmanse evènman ak pwogramasyon edikasyon kominotè sou prevansyon ak rediksyon gaspiyaj manje, konpostaj, ak pwogram resiklaj dechè alimantè vil la ap jere a;
- **Konte Tompkins 70,426 dola:** Konte a pral abòde prevansyon gaspiyaj manje ak don manje lè yo sible konplèks apatman ak inite miltifamilyal ki nan konte a yo. Pwojè a pral edike lokatè yo ak manadjè pwopriyete yo, kote y ap konsantre sou achte nan fason entèlijan, estoke nan fason entèlijan, epi prepare manje nan fason entèlijan; yo pral mete yon gwo konjelatè manje disponib pou pataje rès manje manjab yo gen anplis, epi y ap fè don rès ki rete yo bay Rezo Don Zanmitay la (Friendship Donations Network, FDN) pou yo ka al distribiye toupatou nan kominote Konte Tompkins lan; yo pral bay lokatè yo twous gratis pou yo ramase dechè alimantè nan kizin lakay yo pou konpostaj; epi elabore materyèl edikatif "soti nan kizin al nan konpòs" yo; epi
- **Vilaj Sleepy Hollow 11,286 dola:** Vilaj la pral elabore ak lanse yon pwogram resiklaj dechè alimantè global k ap gen ladan: efò ak materyèl edikasyonèl k ap aksesib pou tout rezidan yo, malgre obstak revni oswa lang; yo pral kreye yon

pwogram resiklaj dechè alimantè k ap ofri rezidan yo 500 twous demaraj gratis (bokit pou ramase dechè alimantè yo ka mete sou kontwa yo ak konpatiman estokaj) pou konpostaj; epi elabore materyèl sansibilizasyon y ap konsevwa pou atenn tout segman demografik ki gen nan vilaj la, ki gen ladan tradiksyon nan lang panyòl, epi angaje rezidan ki gen revni fèb yo ak granmoun aje yo pou yo patisipe nan pwojè a.

### **Sibvansyon pou Òganizasyon Sekou Alimantè Ijans yo**

Gad-manje kominotè yo ak lòt òganizasyon sekou alimantè ijans lokal yo rete alatèt efò yo lè sa konsène ede sila ki gen bezwen yo. Òganizasyon sa yo souvan depann de don manje pa mwayen patenarya yo genyen ak biznis, fèm, ak lòt donatè manje onivo lokal yo pou siplemante envantè manje nourisan yo. Toutfwa, piske se volontè k ap jere anpil nan gad-manje kominotè ak òganizasyon kominotè sa yo epi yo gen fon limite, yo souvan pa gen resous pou yo tabli patenarya sa yo oswa pou yo achte ekipman estokaj ki nesèsè yo ak machin pou transpòte don manje ki ka gate yo. Akoz defi sa yo, manje trè nourisan ki ka gate ki prè pou yo distribye nan gad-manje kominotè ak soup popilè yo — tankou fwi ak legim frèch yo — souvan gaspiye, malgre donatè yo ak òganizasyon sekou yo fè anpil efò.

DEC ap finanse 84 pwojè avèk 1.1 milyon dola pou sipòte pwojè yo ki gen ladan: anboche anplwaye pou rekipere manje k ap konsantre sou devlopman patenarya pou don yo; achte ekipman estokaj ki kenbe manje yo fre; ekipman kizin pou prepare pwodui yo rekipere ki ka gate yo; machin pou transpòte manje yo rekipere yo ak reyalizasyon rezo rekipasyon ak distribisyon manje ki ka gate yo prepare ki vrèman santre onivo lokal. Anplis, plizyè pwojè ki gen ladan etablisman klas sou nitrisyon ak fè manje pou ede yo itilize pwodui alimantè yo resevwa nan men gad-manje kominotè yo nan fason ki pi efikas. Klas ak atelye sa yo ap ede kliyan yo redui gaspiyaj manje epi detire bidjè alimantè limite yo genyen an. Gran pwen pwojè sibvansyon yo gen ladan:

- **Iris House 13,720 dola:** Iris House ki chita nan Harlem Santral pral itilize fon yo pou sipòte efò y ap fè pou distribye manje pi pwòch rezidan East Harlem yo nan Vil New York. Iris House pral itilize yon pati nan fon sibvansyon yo pou yo peye pou depans operasyon yon ti bis pou transpòte sak manje gad-manje kominotè y ap distribye nan lokalite tanporè y ap tabli detanzantan nan East Harlem pou ede rezidan yo ekonomize lajan transpò yo t ap depanse pou y ale nan Harlem Santral la. Iris House pral elabore ak distribye depliyon sou nitrisyon ak pou fè piblisite pou sèvis yo ofri yo epi bay enfòmasyon sou manje gratis ki gen disponib;
- **Second Chance Foods 15,000 dola:** Second Chance Foods se yon òganizasyon sekou alimantè san bi likratif nan Carmel, New York, ki pral itilize sibvansyon an pou finanse salè yon manadjè kizin pou jere pwosesis tretman manje yo rekipere yo vin manje kwit oswa preparasyon pati nan repa pou bay pwogram alimantè lokal yo kòm don. Lè yo trete manje yo rekipere yo tankou pwodui ki pa fin twò frèch oswa moun pa twò konnen yo, Second Chance Foods ap rann plis manje yo rekipere vin "itilizab" pou manadjè soup popilè yo ak kliyan gad-manje kominotè yo, sa k ap anpeche gaspiyaj manje epi ogmante kantite manje nourisan ki disponib pou moun yo;

- **Comfort Food of Washington County, Inc. 12,420 dola:** Comfort Food Community (CFC) sèvi yon konte riral ki gen aksè limite a makèt epi gen yon gran pousantaj popilasyon an k ap viv nan povrete. CFC pral anboche yon Asistan pou Rekiperasyon Manje (Food Recovery Assistant) sezonye pou amelyore efò k ap fèt nan 35 fèm ki nan zòn yo sèvi a pa mwayen rekritman ak jesyon volontè, ansanm ak kowòdinasyon ak sipèvizyon efò rekiperasyon yo. Asistan pou Rekiperasyon Manje a pral travay tou sou eleman sansibilizasyon ak edikasyon Kolektiv Manje Frèch la (Fresh Food Collective). CFC pral itilize fon sibvansyon sa yo tout pou dedye tan anplwaye yo a devlopman fich resèt ak twous repa kowòdone pou pwodui yo ramase yo pou ede asire moun ki resevwa pwodui yo kapab itilize yo tout kòm sadwa epi enkòpore plis manje nourisan nan rejim alimantè yo; epi
- **Pitney Meadows Community Farm, Inc. 15,000 dola:** Pitney Meadows Community Farm, Inc., se yon òganizasyon san bi likratif nan Saratoga Springs ki devwe yo a agrikilti ibèn, konsèvasyon tèren agrikòl, responsabilizasyon kominotè, ak ogmantasyon aksè a pwodui frèch ki bon pou lasante. Fèm lan pral enstale yon "Jaden Don" (Giving Garden) y ap dedye a kilti pwodui alimantè pou gad-manje kominotè yo epi yo pral itilize sibvansyon an pou anboche yon manadjè fèm pou sipèvize Jaden Don an ak patenarya don ki asosye yo; konstwi yon estasyon lave/anbale pou yo ka prepare legim yo fenk rekòlte yo kòm sadwa nan yon fason ki sekirite, fyab, ak pratik; epi enstale yon chanm fwad pou estoke pwodui alimantè yo avan yo bay bank alimantè lokal yo don an.

Yon lis konplè ki gen tout benefisyè prim/sibvansyon yo ak rezime pwojè yo disponib sou [sitwèb](#) DEC a. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou fason pou w redui gaspiyaj manje nan tout fwaye New York yo, vizite: <https://www.dec.ny.gov/chemical/98102.html>.

Eta New York te pran yon angajman depi byen lontan pou l lite kont grangou epi [Govènè Cuomo te lanse plizyè inisyativ ak pwogram revolisyonè nan ane ki sot pase yo](#), pami yo Konsèy sou Politik sou Grangou ak Manje a (Council on Hunger and Food Policy), Vital Brooklyn ak inisyativ Okenn Elèv Pa Dwe Ret Grangou a (No Student Goes Hungry), pou lite kont grangou, rann li pi fasil pou moun jwenn manje ki bon pou lasante yo kiltive onivo lokal epi pote bwason ak pwodui alimantè yo kiltive nan New York nan kominote defavorize yo. Sibvansyon yo te anonse jodi a yo ap plis devlope siksè Lwa sou Resiklaj Manje ak Don Manje 2019 la ke Gouvènè a te siyen, ki mande an premye lye pou tout antite ak moun k ap pwodui dechè alimantè yo fè don manje manjab yo pou moun ki nan bezwen yo avan, epi dezyèmman, pou yo resikle dechè alimantè yo si gen yon enstalasyon resiklaj vyab ki sitiye nan yon distans 40 kilomèt de lakay yo. An repons a lejislasyon enpòtan sa a, DEC te bay Feeding New York State 800,000 dola pou finanse resous adisyonèl pou jere don manje anplis yo prevwa resevwa.

Anons sibvansyon jodi a te fèt nan [Bank Alimantè Rejyon Nòdès New York la \(Regional Food Bank of Northeastern New York\)](#) nan Latham, pou ede prepare Nouyòkè yo pou entèdikeyon sachè plastik a anpòte yo toupatou nan eta a, k ap kòmanse 1ye mas. DEC an kowòdinasyon ak Feeding New York State pral distribiye sachè reyitilizab bay bank alimantè yo toupatou nan eta a nan kad efò DEC ap fè pou ankouraje konsomatè yo pote pwòp sachè pa yo nenpòt lè ak nenpòt kote y al achte.

[Feeding New York State](#) ede bay anpil milyon moun manje chak ane gras a plis pase 5,000 gad-manje kominotè, soup popilè, refij, ak lòt pwogram ankò yo genyen.

Inisyativ BYOBagNY la fè pati kanpay sansibilizasyon global New York ap fè ak patnè li yo onivo eta ak onivo lokal pou edike detayan ak konsomatè yo sou entèdiksyon sachè plastik la, sa ki pral ede redui flewo dechè sachè plastik la nan anviwònman ak kominote yo nan eta a. Yo estime Nouyòkè yo itilize anviwon 23 milya sachè plastik chak ane—yo chak pandan anviwon 12 minit—epi apre 85 pousan nan kantite kolosal sa a fini pa ranpli sant efouyisman yo, machin resiklaj yo, vwa navigab yo, ak lari yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou efò sansibilizasyon yo ak detay sou aplikasyon lwa a, vizite [sitwèb](#) DEC a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)